# MIDLANDS STATE UNIVERSITY
# ZVINOVIMBISWA KUITWA MUIMBA YEKUVERENGERA



# MAVAMBO

Imba yekuverengera paMidlands State University (MSU) inzvimbo inokosha mune zvedzidzo, ichishanda sechinhu chakakosha mubazi rezvedzidzo, vadzidzi nevatsvakurudzi. Yakanangana nekukurudzira kuitwa kwezvinhu zvakawanda, zvinosanganisira kudzidzisa, kudzidza, tsvakurudzo, kuunza ruzivo rutsva, kushandidzana nenharaunda nekuita maindasitiri, zvese zvichipindirana nezvakatarwa zvinodiwa muKudzidza kunoenderana neNhaka, Tsika neMagariro pamwe nemagwaro eNational Development Strategy.

Mukuvimbisa kupa vainoshandidzana nayo rubatsiro rwemhando yepamusoro, Imba yekuVerengera yepaMSU inokoshesa zvinodiwa nevanoishandisa zvakasiyana-siyana. Izvi zvinosanganisira kupa rutsigiro mune zvetsvakurudzo mukuita kuti vadzidzi nevadzidzisi vakwanise kuwana rubatsiro rwezvekuverenga. Zvakare, imba yekuverengera inopinda munharaunda dzose mukuedza kushandidzana mune zvedzidzo nekusimudzira ruzivo rwezvekufambiswa kwemashoko muvanhu vanoishandidzana nayo.

Pamusoro pezvo, imba yokuverengera inosimbisa kuvandudzwa kwemishandirapamwe pakupedza matambudziko nechinangwa chekusimudzira kugovana ruzivo uye kutsigira zvirongwa zvetsvakurudzo zvemapazi akasiyana-siyana. Zvakadaro, inoita kuti vose vadzidzi nevashandi vawane zvokushandisa uye rubatsiro runodiwa kuitira kuti zvidzidzo zvibudirire. Zvose pamwe chete, imba yokuverengera yeMSU inoedza kugadzira nharaunda yakanaka inoenderana nedonzvo reyunivhesiti uye inobatsira zvakanyanya kuzadzikisa zvinangwa zvikuru zvebudiriro yenyika.

## MUONO WEDU

Kuva imba yokuverengera yakasarudzika inoshandisa tekinoroji pakusimudzira tsvakurudzo, kudzidzisa nokudzidza, unyanzvi hutsva nemaindasitiri

## DONZVO

Imba yoKuverengera yeMSU inowanisa zvokushandisa zvinopa ruzivo rwemhando yepamusoro, rubatsiro nemikana kuna vose vainoshandidzana navo kuburikidza nevashandi vanozvipira kuita basa uye kushandisa tekinoroji yemhando yepamusoro.

## ZVATINOKOSHESA UYE MASHANDIRO EDU

- Zivo itsva
- Kukoshesa vaverengi
- Kuzvidavirira
- Kusasarura
- Kushandidzana pamwe
- Rukudzo
- Kusimbaradza
- Kushanda nesimba
- Kutsiga
- Jekerere



## ZVATINOPA

Chinangwa chedu ndechekubatsira kuwanisa zvokushandisa zvinopa ruzivo rwakawanda rwunosimudzira kuitwa kwetsvakurudzo yemhando yepamusoro, kudzidzisa, kudzidza, hunyanzvi hutsva nemaindasitiri kwemhando yepamusoro. Zvinokosha zvatakanangana nazvo ndeizvi:

- Miunganidzwa yezvinhu zvakasiyana-siyana
- Kuvandudza nekusimbaradza unyanzvi
- Tsigiro patsvakurudzo
- Tsigiro yekushandiswa kwemichina yechizvinozvino
- Zvinoshandiswa pakuverenga
- Zviitiko nezviratidzwa kune voruzhinji
- Kuwanisa zvinyorwa zvenyanzvi pachena



## UNOTARISIRA NZVIMBO INE ZVINOTEVERA

Yakachena | Ine Runyararo | Yakachengetedzeka



## MAITIRO EDU

### Kuzvipira kweImba yoKuverengera kune vainoshandidzana navo

- Kubata vatinoshandidzana navo zvemhando yepamusoro tichitevedzera chiga chekuti vatinoshandidzana nawo vakakosha mune zvose zvatinoita.
- Kupfuudzira mberi kuvandudza zvinoitwa nezvinotevedzwa muimba yokuverengera kuburikidza nezvinotevera:
  - kupa mabasa nenguva, zvakarurama, zvine pfungwa itsva uye achiitwa zvakanaka.
  - kutsvaga nzira itsva dzekupa mabasa ari nani kune
  - kushandisa tekinoroji itsva
- Kupa mabasa anokoshesa ushamwari, ruremekedzo, uye ane unyanzvi.
- Kupa zvokushandisa zvemhando yepamusoro zvichiwanikwa mazuva ose nenguva dzose (24/7), uye paine nyanzvi dzinobatsira panguva dzakakosha.
- Tinoedza kukupai mabasa anoenderana nezvinodiwa nedungamunhu uye kukubatsira nenzira yakasarudzika.
- Tichazivisa vanhu nezveunaku hwebasa ratinoita tozvishandisa kuti tizadzise zvinangwa zvedu nekuramba tichizvivandudza.
- Tinoshandidzana nenharaunda yose kuti tigone kugoverana, kushandirapamwe uye kukurudzirana.
- Tinosimudzira kuwaniswa, kuenzaniswa uye kupa zvakasiyana-siyana mumabasa atinoita. Saka:
  - Tichashandidzana nemi nemazvo uye zvine ruremekedzo.
  - Tichakugamuchirai nemufaro nekukutendai nemwoyo wose.
  - Tichava neruzivo rwezvigadzirwa zvedu uye mabasa atinopa kune veruzhinji.
  - Tichagamuchira maonero enyu nekugadzirisa zvichemo zvenyu nekukurumidza.

## Zvinotarisirwa neVashandisi kuImba Yekuverengera

- Kutipa ruzivo rwese rwatinoda kuti tikubatsirei.
- Kutizivisa kana muine zvimwe zvakakosha zvamunoda kuti tikubatsirei
- Kutiudza kuti tingavandudza sei mashandiro edu.
- Kukumbira kuti tikutsanangurirei zvimwewo zvamusina chokwadi nazvo pamusoro pemabasa eimba yekuverengera uye zvibatsiro.
- Kucherechedza mitemo nezvisungo kuti pave nechokwadi chekuti nharaunda ine runyararo uye yakanaka yekuverengera
- Semushandisi anokosheswa, unotarisirwa kutevedzera zvimwewo, sezvinosungirwa ne:
  - Bumbiro renyika
  - Mutemo weYunivhesiti
  - Zvibvumirano
  - Imwewo mitemo nemirayiro

## MAONERO NEONGORORO

Imba Yekuverengera yeMSU inokoshesa maonero ako uye pfungwa dzauchapa pamashandiro ayo. Tichapindura zvichemo nemibvunzo maererano nemafambisiro uye mabasa edu, mukati menguva isingapfuuri maawa makumi mana (24).



## Tsambanhare dzevakuru vedzimba dzekuverengera, mapazi nemizinda yeYunivhesiti

| | Chinzvimbo | Tsambanhare | Runhare |
|---|---|---|---|
| 1 | University Librarian | chibandanp@staff.msu.ac.zw | 2060 |
| 2 | Deputy Librarian - Acquisitions and Resource Description and Metadata Services | masunungure f@staff.msu.ac.zw | 2052 |
| 3 | Deputy Librarian - Scholarly Communications, Research Support and Digital Services | makekee@staff.msu.ac.zw | 2430 |
| 4 | Deputy Librarian – Academic Support and Operations | masunungure f@staff.msu.ac.zw | 2052 |
| 5 | Faculty Librarian - Agriculture and Natural Resources Management | matsae@staff.msu.ac.zw | 2405 |
| 6 | Faculty Librarian - Arts and Humanities | chigamanip@staff.msu.ac.zw | 3001 |
| 7 | Faculty Librarian - Business Sciences | tokwek@staff.msu.ac.zw | 2182 |
| 8 | Faculty Librarian - Built Environment | poswoe@staff.msu.ac.zw | 2065 |
| 9 | Faculty Librarian - Education | masimbitir@staff.msu.ac.zw | 2343 |
| 10 | Faculty Librarian - Engineering and Geosciences | chumac@staff.msu.ac.zw | 3072 |
| 11 | Faculty Librarian - Law | smazhindu@staff.msu.ac.zw | 2055 |
| 12 | Faculty Librarian - Medicine and Health Sciences | hoossenl@staff.msu.ac.zw | 2431 |
| 13 | Faculty Librarian - Science and Technology | makekee@staff.msu.ac.zw | 2430 |
| 14 | Faculty Librarian - Social Sciences | masununguref@staff.msu.ac.zw | 2052 |
| 15 | Number 1 Kwame Nkrumah Librarian | munhuc@staff.msu.ac.zw | 3176 |
| 16 | School of Social Work Librarian | jekef@staff.msu.ac.zw | 3171 |
| 17 | Post Graduate Studies Librarian | smazhindu@staff.msu.ac.zw | 2055 |
| 18 | Bulawayo Learning Centre Librarian | mudimbam@staff.msu.ac.zw | 2466 |
| 19 | Batanai Library / 24-hour Study Centre | matsae@staff.msu.ac.zw | 2405 |
| 20 | Library IT Manager | chikadat@staff.msu.ac.zw | 2344 |





**Kana pane zvamungada kunyatsonzwisisa kana betsero ine chekuita netsvakurudzo tibatei pa:**

**Tsambanhare : researchsupport@library.msu.ac.zw**
**Runhare : +263 54 226 0568 Ext 2430**
**Whatsapp : +263 717 290 290**

## Imba yeKuverengera yeMidlands State University

